



FÈ VÒT OU

A KONTE

LWV LEAGUE OF WOMEN VOTERS[®]
OF MAINE EDUCATION FUND

POUKISA POU VOTE?

Poukisa pou vote? Ou ka ede yo fè chanjman ki enpòtan nan fason y ap gouvène vil ou a, eta w la, epi peyi w.

Èske vòt mwen an prive? Wi, vòt ou a prive. Pèsòn moun p ap konnen ki fason ou vote, sof si ou di l sa.

Ki moun ki ka vote? Premyeman, ou dwe enskri pou vote. Ou ka vote nan Maine si ou se:

- Yon sitwayen peyi Etazini
- Yon rezidan nan Maine
- Gen 18 lane oswa plis

Kilè Jou Eleksyon an ye?

- Jou Eleksyon Jeneral la se madi aprè premye lendi mwa novanm.
- Jounen eleksyon primè a se dezyèm madi nan mwa mas oswa jen, selon ane a.
- Pafwa eleksyon jeneral ak eleksyon primè yo konbine avèk eleksyon minisipal yo.
- Eleksyon minisipal yo ka rive nan lòt lè epi se vil la oswa vilaj la ki detèmine yo.

Poukisa mwen pral vote? Ou gendwa chwazi kandida ki pou al prezante nan yon eleksyon primè. Ou ka eli moun nan fonksyon piblik. Ou ka vote wi oswa non pou yon kesyon:

- Referandòm — ou chwazi pou vote yon lwa.
- Obligasyon — ou chwazi ki pwojè yo pral finanse avèk prè bay eta a.
- Amandman konstitisyonèl — ou chwazi pou apwouve chanjman lejislati a pwopoze a.

MEN FASON POU ENSKRI POU KAPAB VOTE

Kòman pou mwen enskri pou m vote? Ou ka enskri pou vote nan Maine si ou se:

- Yon sitwayen ameriken ki gen 18 lane ki abite nan Maine.
- Yon sitwayen ki gen 17 lane ki pral gen 18 lane nan Jou Eleksyon an. Epitou, ou gendwa vote nan primè jen an.
- Si ou gen 16 lane, ou ka enskri davans; enskripsyon w lan pral vin aktif lè w gen laj pou vote.
- Kondane pou yon krim oswa si ou nan prizon. Si w nan prizon, w ap enskri pou vote nan vil kote w te rete anvan w t ale nan prizon an epi w ap vote pa korespondans (vòt pa korespondans, vòt pou moun ki absan).
- Si w pa gen yon adrès nòmal oswa yon kote pou w viv, ou ka toujou enskri pou vote.


Ou kapab enskri pou vote nan Maine:

- Sou entènèt: W ap bezwen soumèt enskripsyon ou twa semèn anvan jou eleksyon an pou grefye minisipal ou a gen tan pou trete aplikasyon an. Enskri pou vote sou entènèt: <https://eregistertovote.sos.maine.gov/>
- Pa lapòs: Sekretè minisipal ou a dwe resevwa enskripsyon w lan nan madi, twa (3) semèn anvan eleksyon an.
- An pèsòn: Nan yon kanpay enskripsyon elektè; nan meri vil la oswa meri vilaj la; oswa nan biwo vòt ou a nan Jou Eleksyon an. Ou dwe ranpli yon kat enskripsyon elektè (gade paj 4 ak 7 pou jwenn plis enfòmasyon).
- Lè ou jwenn yon lisans chofè oswa yon kat idantite eta nan Biwo Veyikil A-Motè, ou otomatikman enskri pou vote.

Kit ou enskri an pèsòn oswa pa lapòs, ou pral gen bezwen bay yon prèv idantite ak yon prèv rezidans.

- Plizyè kalite kat idantite avèk foto ap bon, tankou kat etidyan ak kat tribal, kat idantite eta a, ak paspò ameriken.
- Yon moso kourye lapòs ka montre adrès ou.
- Si ou pa gen adrès, ou ka toujou enskri an pèsòn nan vil kote ou rete a.
- Si w nan yon prizon, adrès pou vote w la se kote ou te rete nan vil la anvan ou t ale nan prizon an.

Ou dwe ranpli pati ki devan kat la ak pati ki dèyè kat la:


- Siyen epi mete dat sou kat la.
- Ou pa bezwen rantre nan yon pati politik pou ka vote. Si ou pa vle rantre nan yon pati politik, tcheke “Unenrolled” (Pa enskri) sou kat enskripsyon an.
- Pou ka jwenn enstriksyon ki byen detaye, ale nan:
 maine.gov/sos/cec/elec/voter-info/voterguide.html

Kisa yon pati politik ye? Yon pati politik se yon gwoup moun ki pataje menm lide konsènan fason gouvènman an ta dwe fonksyone. Lè ou enskri pou vote, ou ka rantre nan yon pati politik si ou vle. Li gratis.

Ou ka chanje enskripsyon pati ou a. Gen egzanp pati politik yo mete anba “Party Affiliation” (Afilyasyon nan yon Pati) sou Kat Enskripsyon Elektè a epi nan paj 8 ak 9.



Itilize telefòn ou an pou eskane kòd QR la pou ka aprann plis bagay sou fason pou w enskri pou vote nan Maine.



KAT ENSKRIPSYON



MAINE VOTER REGISTRATION APPLICATION

Federally required questions:

- ♦ Are you a citizen of the United States of America? * YES NO
- *If NO, DO NOT complete this application.
- 1 Are you at least 18 years of age? ** YES NO
- **If NO, are you at least 16 years of age to pre-register? YES NO

PARTY AFFILIATION

- Democratic
- Green Independent
- Libertarian
- No Labels
- Republican
- Unenrolled (no party choice)


2

3 LAST NAME (and suffix, if any)	FIRST NAME	MIDDLE NAME	4 DATE OF BIRTH MM - DD - YYYY
CURRENT RESIDENCE ADDRESS (Physical address where you live)			
5a STREET NAME AND NUMBER, <u>NOT</u> A P.O. BOX		CITY, TOWN, PLANTATION OR TOWNSHIP	
CURRENT MAILING ADDRESS (Complete if different from above address)			
5b STREET NAME AND NUMBER, OR P.O. BOX, etc.		CITY/TOWN	ZIP CODE
5c Have you previously been registered to vote? <input type="checkbox"/> YES <input type="checkbox"/> NO If "YES", provide previous registration information below.			TELEPHONE (Optional)
CITY/TOWN	COUNTY	STATE	

COMPLETE BOTH SIDES OF THIS CARD - PLEASE PRINT



Itilize telefòn ou an pou eskane kòd QR la pou ka gen aksè a demann pou enskripsyon elektè a sou entènèt.



Kat Enskripsyon Elektè | ENSTRIKSYON YO

- 1 **REPONN DE (2) KESYON.** Ou dwe reponn wi pou toude pou kapab enskri.
 - 2 **PATI.** Chwazi youn nan posiblite yo mete yo: yon pati ki kalifye nan Maine, yon Lòt pati ki kalifye, oswa Pa enskri.
 - 3 **NON.** Non ak Prenon oswa premye inisyal ak Dezyèm Prenon.
 - 4 **DAT NESANS.** Dwe gen 18 lane nan Jou Eleksyon an pou vote.
- ADRÈS.**
- 5a **Adrès Kay Ou Rete Kounya a:**
Ri oswa anplasman fizik. (Se pa yon Bwat Postal)
 - 5b **Adrès Postal Aktyèl la:**
Sèlman si li diferan ak adrès rezidans lan.
(Li kapab yon Bwat Postal)
 - 5c **Ansyen Adrès la:**
Si w te enskri anvan sa epi ou vin demenaje, ou dwe di wi epi bay non vil, konte, ak eta ou te ye anvan an.

KAT ENSKRIPSYON

MAINE VOTER REGISTRATION APPLICATION

- COMPLETE BOTH SIDES OF THIS CARD -

<p>CHANGE OF NAME (Prior legal name, if applicable)</p> <p>LAST _____ FIRST _____ MIDDLE _____</p>	<p>VOTER ID: By federal law, NEW Maine voters must provide an applicable ID number as follows:</p> <p>1. Your Maine driver's license/Maine State ID; or</p> <p>2. The last 4 digits of your Social Security number (ONLY if you don't have a Maine driver's license/Maine State ID); or</p> <p>3. Write "none" ONLY if you don't have either 1 or 2</p> <p>_____ _____ _____ _____ _____ _____ _____ _____ </p>
<p>SIGN AND DATE THIS CARD. I certify that all the information I have provided on this form is true.</p> <p>6 _____</p> <p>Signature of Applicant on line above Date on line above</p>	<p>7a</p> <p>7b</p> <p>7c</p>

REGISTRAR'S USE ONLY: Date Received: _____ Ward-Precinct: _____

Source of Registration: In Person By Mail Agency BMV Voter Registration Drive/3rd Person

Type of Registration:

NEW Maine Voter Registration Form of Proof for ID: _____ for Residency: _____

Change of Existing Voter Registration (check boxes below) Form of Proof for Residency: _____

Address Change to new municipality Address Change within municipality Party Enrollment Change

Name Change Other Change _____

Duplicate Application (no changes made)

INSTRUCTIONS TO VOTERS: Failure to complete this entire application may prevent registration.


8 Deliver or mail this completed card to your municipal registrar or to the Division of Elections: #184 State House Station, Augusta, ME 04333-0101. This properly completed application must be received by the municipal registrar 21 days or more before an election. If less than 21 days before an election, you must register in person.

• **If you are a NEW Maine voter and mail this card,** you must include a photocopy of your Maine driver's license, Maine State ID, or current utility bill, bank statement or government document that shows your name and address.

• For election information, call 207-624-7650 or visit www.maine.gov/sos/cec/elec/ (rev. 1/24)



Itilize telefòn ou an pou eskane kòd QR la pou ka gen aksè a demann pou enskripsyon elektè a sou entènèt.



Kat Enskripsyon Elektè | ENSTRIKSYON YO

6 **SIYATI ELEKTÈ A.** Ou dwe siyen epi mete dat sou kat la.

7a **IDANTIFIKASYON ELEKTÈ A.**
Nimewo Lisans Chofè Maine nan oswa Nimewo Kat Idantite Maine nan: Nouvo elektè ki gen yon kat idantite ki valid yo dwe mete youn nan nimewo sa yo.

7b **Nimewo Sekirite Sosyal:** Nouvo elektè ki pa gen yon lisans Maine oswa yon kat idantite dwe mete 4 dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal yo a (Social Security Number, SSN).

7c **Okenn:** Se sèlman elektè ki pa gen yon lisans Maine, yon kat idantite, oswa yon SSN, ki dwe ekri “None” (Okenn).

8 **ENSKRIPSYON PA LAPÒS.** Nouvo elektè ki enskri pa lapòs yo dwe bay yon kopi Kat idantite yo (pa egzanp, Lisans Chofè Maine nan) avèk kat enskripsyon an epi yon dokiman ki montre adrès yo.

PATI POLITIK YO

Pati Politik Maine yo

Anpil elektè chwazi rantr nan yon pati politik. Maine gen senk pati politik kalifye: Pati Demokrat la, Pati Endepandan Vèt la, Pati Libètè a, Pa gen etikèt, ak Pati Repibliken an. Epitou, genyen kèk pati ki pi piti elektè yo gendwa rantr ladan. Yo pa mete pati ki pi piti yo sou kat enskripsyon elektè a epi yo poko gwo ase pou òganize eleksyon primè pati yo. Lis pati ki kalifye yo ak ti pati yo pafwa chanje akòz pati yo konn vin pi gwo oswa pi piti.

Eleksyon Primè Pati yo

Pati politik yo gen yon wòl espesyal pou yo jwe nan kèk eleksyon, espesyalman nan sa ki pou Prezidan, Gouvènè, Kongrè, ak Lejislati Eta a. Fonksyon oswa pòs sa yo aktyèlman genyen de (2) eleksyon — yon eleksyon primè ak yon eleksyon jeneral. Chak pati politik òganize yon eleksyon primè pou chwazi kandida ki pral gen pou reprezante pati a pita nan eleksyon jeneral la. Lè yon pati politik òganize yon eleksyon primè, se sèlman elektè ki manm pati politik sa a ki gen dwa vote. Gen kèk pòs eli nan nivo lokal ak nan konte yo ki pa gen eleksyon primè.

Elektè ki Pa Enskri nan yon Pati Politik

Elektè yo pa oblije rantr nan yon pati politik. Apeprè yon tyè (1/3) nan elektè Maine yo pa rantr nan yon pati. Yo rele yo elektè ki “pa enskri”. Primè Maine yo demi ouvè epi votè ki pa anrejistre yo ka vote nan eleksyon primè yo chwazi. Yo ka vote tou pou kandida yo ak kesyon bilten vòt yo nan eleksyon jeneral yo.

Gen kèk pati politik ki poko gwo ase pou yo mete sou kat enskripsyon elektè a oswa pou yo genyen pwòp primè pa yo. Pi piti pati sa yo gendwa enskri elektè yo epi ede kandida yo mansyone sou bilten vòt eleksyon jeneral la. Egzanp pou ti pati yo se Pati Alyans (Alliance Party), Pati

Yankee (Yankee Party) ak Pati Sosyalis (Socialist Party). Yo ka rele ti pati yo “pati ki kalifye yo.”

Antre nan yon Pati Politik


Elektè yo ka chwazi yon pati politik lè yo enskri pou vote. Yo gen dwa pou yo chanje pati oswa pou yo pa enskri, men yo dwe tann 90 jou aprè dènye enskripsyon yo a. Elektè ki kite yon pati politik pa kapab vote ankò nan eleksyon primè pati sa a òganize.

Si w vle chanje pati politik oswa dezenskri anvan yon eleksyon, ou gen 15 jou anvan jou eleksyon an. Nouvo elektè yo ka enskri pou vote nenpòt ki lè, enkli Jou Eleksyon an!

Nan lane 2024, gen 5 pati politik ki kalifye nan Maine:

Pati Demokrat Maine

 www.mainedems.org

 (207) 622-6233


Pati Endepandan Vèt Maine (Maine Green Independent Party)

 www.mainegreens.org

 (207) 518-7493


Pati Liberal Maine

 www.lpme.org

 (207) 518-7493

Pati Repibliken Maine

 www.MaineGOP.com

 (207) 622-6247

Pati Libètè a

 www.nolabels.org

 (202) 588-1990

ANVAN OU VOTE

Ki kote mwen dwe ale pou m vote? Pou konnen ki kote w ap vote:

- Rele biwo meri ki nan vil ou a oswa ki nan vilaj ou a.
- Ale nan: www.maine.gov/portal/government/edemocracy/voter_lookup.php
- Vote pa korespondans (gade paj 12).

A ki lè mwen ka al vote? Kote pou vote yo louvri ant 6:00 AM a 10:00 AM nan Jou Eleksyon an. Lè ouvèti a pa menm pou tout vil ak vilaj yo. Tout biwo vòt yo fèmen a 8:00 PM. Lè pou fèmen yo pral varye nan eleksyon vil oswa vilaj yo.

Kòman mwen ka evite foul moun yo? Biwo vòt yo gen mwens moun ki vin ladan yo apati 10:00 jiska 11:30 AM ak 1:30 jiska 3:30 PM.

Kisa m dwe fè si non mwen pa nan lis biwo vòt la?

- Ajan elektoral la ap ede w.
- Ou gendwa bezwen enskri pou vote.
- Yo gendwa voye w nan yon lòt biwo vòt.
- Ou gendwa bezwen vote yon bilten vòt ki konteste.


Èske mwen bezwen yon kat idantite (kat idantifikasyon)? Ou ta dwe pote kat idantite w ak prèv adrès ou (pa egzansp, lisans chofè ak bòdwo kouran) si:

- Ou se yon elektè k ap vote pou premye fwa.
- Ou te demenaje.
- Ou bezwen enskri pou vote nan Jou Eleksyon an.

Pa enkyete w — yo pa ka refize okenn elektè ki kalifye.



Itilize telefòn ou an pou eskane kòd QR la pou ka jwenn biwo vòt ou a.



NAN BIWO VÒT MWEN AN

Kisa mwen pral fè nan biwo vòt la? Lè w rive nan biwo vòt ou a, ou pral bezwen di ajan elektoral la non ou ak adrès ou. Non ou ap nan yon lis si w enskri pou vote.

- Ajan elektoral la ap ba ou yon bilten vòt oswa plizyè bilten vòt.
- Yon bilten vòt se papyè ou make vòt ou yo sou li a.
- Ou pral antre nan yon kabin vòt prive epi ranpli bilten vòt ou a.
- Ou pral mete bilten vòt la nan bwat pou bilten vòt la oswa nan yon machin.

Kisa m dwe fè si mwen bezwen èd nan biwo vòt la?

Mande yon ajan elektoral èd si w gen nenpòt kesyon. Ajan elektoral yo ka ede w ranpli yon bilten vòt epi ba ou yon nouvo bilten vòt si ou gen bezwen yon lòt. Ou pa pral sèl moun ki gen kesyon!

Kòman pou mwen ranpli bilten vòt la?

- Chak bilten vòt di w fason pou w make chwa w yo.
- Si w gen yon kesyon, poze yon ajan elektoral kesyon an.
- Ou pa oblije vote pou tout bagay. Se sèlman pati w ap vote sou yo a ki pral konte.
- Verifye bilten vòt ou a.
- Si w fè yon erè, ou ka mande yon nouvo bilten vòt.

Kisa m dwe fè si mwen pa ka li bilten vòt la? Ou ka jwenn èd. Yon zanmi oswa yon fanmi ka ede w. Moun k ap ede w la pa oblije yon elektè oswa li pa oblije gen laj pou vote.

- Yon travayè elektoral ka ede w ranpli bilten vòt ou a.
- Patwon w lan oswa responsab sendika w la pa ka ede w vote.
- Sistèm ExpressVote la ap disponib si w vle wè ekriti yon bilten vòt parèt an gwo lèt oswa si w vle tande y ap li bilten vòt la pou ou.

BILTEN VÒT PA KORESPONDANS

Kisa yon bilten vòt pa korespondans ye?

- Ou pa oblije ale nan biwo vòt ou a nan Jou Eleksyon an pou w vote.
- Ranpli yon bilten vòt pa korespondans lakay ou epi voye li pa kourye lapòs bay sekretè minisipal la.
- Ranpli yon bilten vòt pa korespondans an pèsòn nan biwo vil ou a oswa vilaj ou a.

Si w enskri pou vote, ou ka mande yon bilten vòt pa korespondans. Ou dwe fè sa anvan jedi ki vin anvan eleksyon an.

Kòman pou mwen jwenn yon bilten vòt pa korespondans?

- Mande yon bilten vòt pa korespondans nan biwo meri a. Anjeneral, bilten vòt pa korespondans yo disponib 30 jou anvan eleksyon an.
- Mande yon bilten vòt pa korespondans sou entènèt nan Divizyon Eleksyon an nan: [☞ maine.gov/cgi-bin/online/AbsenteeBallot/index.pl](https://maine.gov/cgi-bin/online/AbsenteeBallot/index.pl)
- Epitou, ou ka mande yon bilten vòt pa korespondans pou yon manm fanmi pwòch ou. Meri a ap di w ki moun yo konsidere kòm yon manm fanmi pwòch.

Kisa pou m fè ak bilten vòt pa korespondans mwen an?

- Ranpli bilten vòt la. Sonje byen, ou pa oblije vote pou chak kesyon. Se pa yon pwoblèm si ou kite kesyon yo vid.
- Voye bilten vòt ou a pa kourye lapòs oswa remèt bilten vòt ou a nan biwo sekretè minisipal ou a anvan 8:00 PM nan Jou Eleksyon an.
- Vilaj ou a ka gen yon bwat pou depo bilten vòt deyò

meri a pou w ka voye bilten vòt ou a tounen san w pa voye l pa kourye lapòs.


Kisa m dwe fè si mwen rate moman pou m mande bilten vòt pa korespondans mwen an? Kòman pou mwen mande yon bilten vòt pa korespondans aprè jedi anvan eleksyon an? Ou dwe ranpli yon aplikasyon espesyal pou youn nan rezon sa yo:

- Sanzatann, ou p ap nan vil la pandan tout jounen an nan Jou Eleksyon an.
- Ou genyen yon andikap.
- W ap viv sou yon zile epi ou pa kapab ale nan biwo vòt la nan Jou Eleksyon an.
- Ou genyen yon maladi epi ou pa ka kite lakay ou oswa etablisman tretman an.

Sekretè minisipal ou a dwe resevwa bilten vòt pa korespondans ou an anvan 8:00 PM nan Jou Eleksyon an.

Vòt absan an ap fèt: Si w gen plis pase 65 an epi/oswa w ap viv ak yon andikap, ou ka aplike pou estati votè absan pèmanan. Sa vle di ou ka mande pou yo voye yon bilten vòt absan otomatik pou chak sik eleksyon. Ou ka sèlman aplike yon fwa! Kontakte grefye w la pou w enskri pou sèvis sa a.

Bilten aksesib: Votè yo ka mande yon bilten vòt absan pou vote nan lapòs, oswa pou votè ki gen andikap pou lekti ak ekriti an lèt detache (tankou andikap vizyèl oswa avèg, limit dèksterite fizik, andikap aprantisaj, oswa andikap mantal), ou ka mande yon bilten vòt elektwonik aksesib yo pral voye nan adrès imel ou. Bilten vòt yo disponib pou votè yo omwen 30 jou anvan Jou Eleksyon an.



Itilize telefòn ou an pou eskane kòd QR la pou ka mande bilten vòt pa korespondans ou an sou entènèt.

VÒT PA KLASMAN

Kisa Vòt Pa Klasman an ye?

Vòt Pa Klasman an (Ranked Choice Voting) pèmèt elektè yo klase kandida yo nan lòd yo prefere a.

Kòman Vòt Pa Klasman an fonksyone?

- Elektè yo klase kandida yo nan lòd yo prefere yo: premye chwa, dezyèm chwa, twazyèm chwa, elatriye.
- Lè yo fin konte tout bilten vòt yo, si gen yon kandida ki jwenn plis pase 50% vòt premye chwa yo, li genyen.
- Si pa gen okenn kandida ki resevwa plis pase 50% vòt premye chwa yo, yo konsidere kandida ki gen mwens vòt la pèdi.
- Elektè ki te klase kandida ki pèdi a kòm premye chwa yo a, yo vin konte vòt yo a pou dezyèm chwa yo.
- Sa ap repete jiskaske se sèlman de (2) kandida ki rete. Moun ki gen plis vòt la genyen.




Poukisa mwen ta dwe klase vòt mwen an?

- Si premye chwa w la pèdi, vòt ou a pral toujou konte pou pwochen chwa ou gen ki pi wo a.
- Ou pa ka fè kandida prefere w la okenn mal lè w klase lòt kandida yo tou. Chwa sa yo konte sèlman si premye chwa w la pèdi.
- Ou pa ka ede kandida prefere w la lè w annik klase yon sèl kandida. Premye chwa w la pral toujou konte si kandida prefere w la pa t pèdi.

Kòman pou mwen evite fè erè nan bilten vòt mwen an?

- Make yon sèl oval pou chak ranje.
- Make yon sèl oval pou chak kolòn.
- Klase valè kandida ou vle klase a.
- Ou pa bezwen klase okenn kandida ou p ap sipòte.
- Si w fè yon erè, mande ajan an yon lòt bilten vòt.
- Mande pou yo ede w. Ou pa pral sèl moun ki gen kesyon.

Men yon egzanp sou fason pou klase kandida prefere w yo.

	1yèm Chwa	2yèm Chwa	3yèm Chwa
 Kandida En	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>
 Kandida De	<input checked="" type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>
 Kandida Twa	<input type="radio"/>	<input type="radio"/>	<input checked="" type="radio"/>

ANWO: Nan egzanp sa a, Kandida De (2) a (Candidate Two) se premye chwa a, epi yo ranpli ti wonn ki akote a. Kandida En (1) an (Candidate One) se 2yèm Chwa a. Kandida Twa (3) a (Candidate Three) se 3yèm Chwa a.

Si ou sèten pou pi gwo chwa w la epi si ou sèlman vle vote pou Kandida De (2) a (Candidate Two), enben, ou dwe sèlman ranpli ti wonn “1st Choice” (Premye Chwa) a. Ou gendwa kite rès la vid.

Si w te sèlman vle klase 2 nan 3 kandida yo, enben, ou ta dwe ranpli ti wonn ki pou “1yèm Chwa” ak “2yèm Chwa” yo men ou gendwa kite “3yèm Chwa” a vid.

PLIS ENFÒMASYON

Kòman pou mwen jwenn sekretè minisipal mwen an? Ou ka jwenn adrès ak nimewo telefòn sekretè minisipal ou a nan: maine.gov/sos/cec/elec/munic.html

Epitou, ou ka kontakte:

☑ Office of the Secretary of State
Division of Elections
101 State House Station
Augusta, ME 04333-0101

☎ (207) 624-7650
@ cec.elections@maine.gov
🔗 maine.gov/sos/cec/elec/index.html




Si w vle santi w enfòme epi konfyan lè w ap vote, verifeye enfòmasyon vòt pèsonalize w la sou Vote411.org.

Li rapid epi fasil:

- Gade sa ki sou bilten vòt ou a
- Verifeye enskripsyon elektè w la
- Jwenn biwo vòt ou a
- Gade ki pozisyon kandida yo genyen konsènan pwoblèm yo
- Ak plis toujou!



Utilize telefòn ou an pou eskane kòd QR la pou ka ale sou Vote411.org.



Fon Edikasyon pou Lig Fanm Elektè Maine yo (League of Women Voters of Maine Education Fund) bay sèvis pou elektè epi fè kèk aktivite pou edikasyon sitwayen yo. Li se yon òganizasyon edikatif politik piblik ki pa nan zafè patizan, epi ki pa la pou fè pwofi ki:

- Ranfòse patisipasyon sitwayen yo nan pwosesis demokratik la.
- Etidye pwoblèm kle kominote yo nan tout nivo gouvènman an yon fason ki san patipri.
- Pèmèt moun yo chèche jwenn solisyon ki pozitif pou pwoblèm politik piblik yo atravè edikasyon ak jesyon konfli.

Pa gen okenn eksplikasyon sou pwosesis vòt la ki reflete opinyon Fon Edikasyon pou Lig Fanm Elektè Maine yo (League of Women Voters of Maine Education Fund) oswa patnè distribisyon li yo, tankou lekòl yo, bibliyotèk yo, ajans ki pa la pou fè pwofi yo, oswa lòt òganizasyon yo.

**LEAGUE OF WOMEN VOTERS OF MAINE
EDUCATION FUND**

PO Box 18187
Portland, ME 04112

207-622-0256
info@lwvme.org
www.lwvme.org



@lwvme